



# ***Kreyòl + Teknoloji + Pedagoji patisipativ: Twa zouti esansyèl pou timoun yo vanse***

Prezantasyon pou direktè lise lwès yo  
27 oktòb 2014, Jakmèl

**Michel DeGraff**

**<http://mit.edu/degraff>**


**<http://haiti.mit.edu>**



***Edikasyon pou TOUT moun  
Edikasyon pou “moun anwo ak moun anba...”***

# Jodi a, Ayiti nan yon lòt moman ki istorik

## 1. *Lwa pou Akademi Kreyòl* (*Le Moniteur*, 7 avril 2014)



2. *Apui divès òganizasyon* pou edikasyon an kreyòl (USAid, RTI, UNICEF, World Vision, Save the Children, UNESCO, BID, NSF, eks.)

3. *Apui Leta:* **Boston/Visite du Premier ministre Lamothe  
Haïti et MIT signent pour une  
éducation mieux adaptée**

Le Nouvelliste | Publié le :17 avril 2013



# Ki sa Inisyativ MIT-Ayiti a ye?

<http://haiti.mit.edu/2013/04/23/ayiti-pare-haiti-is-ready/>







## “Yon pledwaye nasyonal...”

<https://www.youtube.com/watch?v=tWGw1gsGXg4>



P.M. Lamothe: “Kont teni de reyalite peyi a, kont teni di fèt ke ... 100% pale kreyòl. Gen environ 3% ki pale franse. Kounye a la a li vin pi "challenging" lè ... w ap anseye an Fransè pandan ke timoun lan se kreyòl ke l pale. Donk fòk nou fè yon pledwaye, fòk nou gade sa a pou wè ki jan nou kapab ajiste, pou n kapab modènize sistèm edikasyon nou an. Men, malerezman, se pa yon bagay ke n ap ka fè "du jour au lendemain". Mwen-menm mwen panse fòk nou fè pledwaye a. ... se nasyon ki pou fè l, se otorite peyi a ki pou fè l ansanm ... Men ki pwoblematik la: Èske nou ka aprann timoun yo an kreyòl ansuit y aprann Fransè oubyen y aprann anglè. E kouman l pral fèt? Donk, pledwaye sa a, se yon pledwaye nou kòmanse fè pou ke edikasyon nou an ka fèt nan lang kote timoun yo ka konprann, yo alèz.” (19 avril 2013)



# Pou ki sa kreyòl la *esansyèl*?

## Pou “Edikasyon Pou TOUT Moun”

Twa kesyon fondamantal sou ansèyman nan ti klas yo:



1. Ki jan pou timoun lekòl ann Ayiti aprann li?
2. Nan ki lang?
3. Ak ki kalite tèks?

***a) Aprann li → li pou aprann: Fòk yon timoun ka MATON nan lekti pou li ka aprann VREMAN byen—KÈLKESWA SA L AP APRANN LAN.***

***b) Pou yon timoun ka MATON nan lekti (ak ekriti), fòk li aprann li nan yon lang ki deja rele li “CHÈ MÈT, CHÈ METRÈS”!***



# Nou te *mezire* pouvwa kreyòl la: EGRA nan Lekòl Kominotè Matènwa (LKM) epi nan lekòl Bank Mondyal (WB) finanse



Nan klas 3èm ane, elèv nan ankèt Bank Mondyal yo li **23**  
**mo pa minit** alòske elèv Matènwa yo li **60 mo pa minit**



# Yon lòt pledwaye pou kreyòl: EGRA nan Matènwa (LKM) epi nan 5 lòt lekòl nan Lagonav

Done nou pral wè kounye a se yon konparezon nivo lekti nan 1<sup>e</sup> ak 2<sup>èm</sup> ane nan Lekòl Kominotè Matènwa (“LKM”) nan Lagonav, kote yo sèvi ak ***kreyòl nètale depi o pa***, epi nan 5 lòt lekòl menm zòn nan, kote se franse ki lang prensipal nan montre timoun yo li.

Se ak enstriman EGRA sou lojisyèl Tangerine pou “Android” ke nou te sèvi pou nou ranmase done fyab sa yo.





# Rezilta EGRA pou LKM ak 5 lòt lekòl yo

Lekòl/Klas	Konesans sou non lèt (Repons kòrèk/min )		Konesans fonemik (Repons kòrèk/10 )		Konesans sou relasyon lèt- son (Repons kòrèk/min )		Lekti mo timoun yo abitye tande (Mo kòrèk/min )	
	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm
BM	11.5	12	2.5	3	10	8	1	5
JV	5	12.5	0	0	4	7	0	2
LP	7	22	1	2	7	10	1	8
NM	4.5	11	0	2	5	8	0.5	3
VF	7	10	4	2.5	6	8	1	1.5
<b>LKM</b>	<b>14.5</b>	<b>33</b>	<b>10</b>	<b>10</b>	<b>21.5</b>	<b>60</b>	<b>5</b>	<b>28</b>

Lekòl/Klas	Lekti mo ki envante (Mo kòrèk/min )		Lekti yon ti istwa (Mo kòrèk/min )		Konpreyansyon istwa elèv yo li a (Repons kòrèk/5 )		Konpreyansyon istwa elèv yo tande a (Repons kòrèk/5 )	
	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm
BM	0	1	0	0	0	0	3.5	4
JV	0	0.5	0	0	0	0	4	5
LP	0	4	0	4	0	0	4	5
NM	0	0	0	0	0	0	4.5	4
VF	0	0	0	0	0	0	4	4
<b>LKM</b>	<b>0.5</b>	<b>21</b>	<b>0.5</b>	<b>31</b>	<b>0</b>	<b>2</b>	<b>5</b>	<b>5</b>



# Pou ki sa Lafrans te vin sèvi ak Franse?

*... nan plas Laten ...*

Men sa Descartes te reponn an **1637**:

“Si m ap ekri an Franse, ki se lang peyi mwen, nan plas Laten ki se lang pwofesè mwen yo, se paske ***mwen vle pou moun k ap li liv sa a sèvi ak BON SANS YO SÈLMAN pou yo rive konprann sa m ap esplike a.*** Moun sa yo ap rive analize metòd syantifik mwen yo pi byen pase moun ki sèlman kwè nan liv demode ki ekri an laten”.

(nan: *Discours sur la méthode pour bien conduire sa raison, et chercher la vérité dans les sciences.*

***Diskou sou metòd pou nou byen rezone epi pou nou chache verite nan lasyans***)



# Pou ki sa Ayiti dwe sèvi ak Kreyòl?

*... nan plas Franse ...*

Men sa n ap di an **2014**:

“Si n ap ekri an Kreyòl, ki se lang peyi nou, nan plas Franse ..., se paske ***nou vle pou moun k ap li liv nou yo sèvi ak BON SANS YO SÈLMAN pou yo rive konprann sa n ap esplike a.*** Timoun sa yo ap rive analize metòd syantifik pi byen pase timoun ki sèlman kwè nan liv ki ekri an Franse.”



## ***Pedagoji patisipativ nan matematik selon rechèch nan syans edikasyon***

- 1. Esperyans elèv yo deja fè, esperyans konkrè dwe sèvi pou yo devlope konesans.*** Esperyans pratik sa yo ansanm ak esperimantasyon ka ede yo pwofonde konsèp yo epi konstwi konsèp ki pi konplike toujou.
- 2. Lè elèv yo sèvi ak lang yo deja konn pale a, sa fè lide yo vin pi klè.*** Lè kon sa, elèv yo ka rakonte sa yo menm yo wè etan y ap devlope lide syantifik yo, epi yo ka kontwole si lide sa yo vre, si yo bon.
- 3. Pi fò aktivite syantifik ke elèv yo dwe metrize sou ban lekòl depann de fasilite yo genyen pou yo kominike ak tèt yo, epi pou yo kominike antre yo.***



# Chrisla ak Dieuricarme ap chante matematik

<http://www.youtube.com/watch?v=CU4NuFck8D0>



**Sa se yon lòt egzanp ki montre pouvwa kreyòl la nan pedagogi patisipativ...**





# Inisyativ MIT-Ayiti

## *N ap modènize/demokratize edikasyon ann Ayiti ak nouvo zouti pou yon nouvo jenerasyon elèv*

1. Abitid ki la depi twò lontan: *jako repèt, pa kè*—“Drill, baby, drill!”
2. Inisyativ MIT-Ayiti a ap kreye *nouvo materyèl pou timoun yo ka fè aprantisaj aktif ki chita sou teknoloji ki sèvi ak kreyòl*.  
Materyèl sa yo disponib pou tout moun gratis ti cheri. Materyèl sa yo ap amelyore kapasite elèv ak etidyan pou yo reflechi sou sa y ap aprann, epi pou yo rive fè etid apwofondi ak rechèch nan matematik ak syans.
3. Objektif Inisyativ MIT-Ayiti konfòm ak Plan Operasyonèl MENFP a



# Inisyativ MIT-Ayiti: Istoric

- **21–22 oktòb 2010:** Senpozyòm MIT-Ayiti (nan MIT ak sipò FOKAL)
  - ❖ Planifikasyon inisyativ la: konbit ant pwofesè ak administrasyon MIT + lidè nan ansèyman siperyè ann Ayiti
- **16–18 jen 2011:** “Haiti ICT in Education Summit” (BID-MENFP)
  - ❖ Brase lide ak divès òganizasyon k ap travay sou teknoloji pou edikasyon ann Ayiti
- **26 oktòb 2011:** Premye sit miwa OCW nan Fakilte Syans (UEH)
  - ❖ Apre sa: ESIH, INAGHEI, Université Caraïbe
- **Mas 2012—jen 2014:** ~165 patisipan, 35+ enstitisyon, ~50 lojisyeèl
  - ❖ Atelye sou aprantisaj aktif nan matematik, fizik ak biyoloji
  - ❖ Atelye sou evalyasyon
  - ❖ Atelye sou lidèchip epi travay ann Ekip
- **Avril 2013:** Nou jwenn sipò leta: Pwotokòl d Akò MIT-Ayiti
- **Jen 2014:** Sikilè sou Biwo MENFP/MIT-Ayiti pou devlope yon estrateji nasyonal pou ansèyman syans ak matematik pou Inisyativ la ateri tout lekòl ak tout inivèsite nan peyi a




<http://haiti.mit.edu/resources/star/>

## StarGenetics

StarGenetics is a Mendelian genetics cross simulator developed at MIT by biology faculty, researched-trained scientists and technologists at MIT's [OEIT](#). StarGenetics allows students to simulate mating experiments between organisms that are genetically different across a range of traits to analyze the nature of the traits in question. Its goal is to teach students about genetic experimental design and genetic concepts. For more information on StarGenetics click [here](#).

## Using StarGenetics

StarGenetics is freely accessible via the web. Press the **Start** button to get started.



## StarGenetics ap di w "Onè!"

*Pou kòmanse:*

– Klike sou **Fichye** → **Nouvo** pou chwazi yon fichye egzèsis nan lis nou an.



# <http://haiti.mit.edu/resources/star/>

StarGenetics - Fruit Fly Exercise 4

Fichye Zouti Èd Kreyòl

**Bwat sijesyon**

Echikye Punnett

Voye sijesyon

**Souch**

- Mutant 3
- Mutant 4
- Mutant 5
- Wildtype F

**Karakteristik**

Non:

Sèks: MALE

Koulè kò: limegreen

Kwazman yo 100

Nòt:

Imaj:

**Esperimantasyon w ap fè kounyea** **Esp 2**

Deskripsyon fenotip

Fenotip

**Koulè kò** limegreen wildtype

	limegreen	wildtype	TOTAL
Kantite	38 (76%)	12 (24%)	50
<b>Femèl</b>	19	10	29
<b>Mal</b>	19	2	21

**Sit kwazman**

- Esp 1-2
- Esp 1-6

**Sovgade esperimantasyon an**

**Sit kwazman**

- Wildtype F
- Mutant 4

- Esp 1-1
- Esp 1-2
- Esp 1-3
- Esp 1-4
- Esp 1-5
- Esp 1-6
- Esp 1-7
- Esp 1-8
- Esp 1-9
- Esp 1-10
- Esp 1-11
- Esp 1-12
- Esp 1-13
- Esp 1-14
- Esp 1-15
- Esp 1-16
- Esp 1-17
- Esp 1-18
- Esp 1-19
- Esp 1-20
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 
-





# An n al chita nan sal klas anba 2 bèl zetwal (lojisyèl “STAR”)!

An nou kòmanse ak StarGenetics

<https://www.youtube.com/watch?v=JqPE5eun8T4>






<https://www.youtube.com/watch?v=h2JPOqFfnCg>

**An nou kòmanse ak StarBiochem**




# Pedagoji patisipativ nan matematik ak Matlèt

<http://haiti.mit.edu/resources/mathlets/>

**MIT MATHLETS** 


[www.mathlets.org](http://www.mathlets.org) (English)

### Distribisyon Pwobabilite Probability Distribution




Telechaje :: Download (links to website)  
Èd :: Help

### Konpayèl Anvan Kwazman Conjugate Priors




Telechaje :: Download (links to website)  
Èd :: Help

### Anplitid avèk Faz : Premye degre Amplitude and Phase First Order




Telechaje :: Download  
Èd :: Help

### Batman Beats



Telechaje :: Download  
Èd :: Help

### Esponansyèl Konplèks Complex Exponential



Telechaje :: Download  
Èd :: Help



### Recent Posts / Nouvèl ki parèt pa gen twò lontan

- ▣ [A Creole Solution for Haiti's Woes](#)
- ▣ [Star video tutorials now available in Kreyòl](#)
- ▣ [A New Leadership Model for a New Haiti](#)
- ▣ [Leadership lessons in Haiti](#)
- ▣ [MIT launching initiative to help Haiti](#)

### Questions? / Kesyon?

Please email Prof. Michel DeGraff, [degraff-at-mit-dot-edu](mailto:degraff-at-mit-dot-edu).  
Voye mesaj bay Michel DeGraff nan adrès imel [degraff-awobaz-mit-pwen-edu](mailto:degraff-awobaz-mit-pwen-edu)





**Pwofesè yo kòmanse fè  
seminè pou kolèg epi  
etidyan pa yo**

**Pwofesè yo  
pare!**





# Pwofesè yo pare! Ayiti pare!



<http://haiti.mit.edu/2013/04/23/ayiti-pare-haiti-is-ready/>





# Men egzanp sou aliyman: biyoloji nan segondè

**2 egzanp:** pèmeyabilite selilè nan Biyochimi ak Lwa Mendel nan jenetik (**Pwòf. Étrenne François, Biyoloji & Chimi, Lycée Toussaint Louverture, Pères Salésiens de Pétion-Ville & Sainte-Rose de Lima, Konsiltan nan Ministè Edikasyon**)

**StarBiochem** pèmèt timoun yo wè estrikti pwoteyin ki antre nan akwaporin, ki se pwoteyin ki responsab fenomè pèmeyabilite a.

**StarGenetic** bay elèv yo mwayen pou yo fè esperimantasyon sou kwazman ant mouch fwi epi kwazman ant plant pwa. Sa pèmèt yo fè konprann Lwa Mendel la selon jan li aplike tout bon vre.

*“[Teknoloji] Star yo pèmèt ou kreye pwòp egzesis ke ou ka anvizaje pou fè ak ti moun yo. Ti mouch yo ak ti pwa yo tèlman byen prezante ke ou gen sansasyon ke ou nan yon vrè laboratwa.”*





# Men egzanp sou aliyman: fizik nan segondè

Detay ki montre kouman anseyan yo ka sèvi ak zouti Inisyativ MIT-Ayiti yo nan kourikoulòm fizik pou lekòl segondè:

- **4<sup>èm</sup> ane:** nan kou ki sou fòs, travay, ak enèji
- **3<sup>èm</sup> ane:** nan kou ki sou fòs ak sa ki rive lè ou detire yon resò
- **Segonn:** nan kou ki sou presyon nan gaz ak sou gaz pafè ak kou sou jeyometri optik
- **Reto:** nan kou sou elektrisite
- **Filo:** nan kou sou mayetis ak kondansatè, eks.

(Pwòf. Richard Delva,  
*Faculté des Sciences, Université d'État d'Haïti*)



# Men egzanp sou aliyman: matematik nan inivèsite

Matlèt yo ka amelyore ansèyman *ekwasyon diferansyèl* epi *analiz matematik* nan nivo inivèsité .

“Sa konn pran anpil tan [2 è d tan] pou nou esplike yo koman yo trase grafik sa yo. *Avèk Matlèt sa a nou ka rive fè sa nan 30 minit e plis moun ap rive konprann li.*”

“ ... santre pwogram sa a plis sou inivèsite ak objektif pou nou *fòme pwofesè a travè UPR yo k ap gen pou yo ale anseye nan Nouvo Segondè a paske preske pa gen resous pou Nouvo Segondè a. Se youn nan koz ki fè Nouvo Segondè a pa rive abouti ak objektif li.* ”

(Pwòf. Luckenson Calixte,  
Chèf Depatman Matematik,  
Université Publique du Nord au Cap Haïtien)



# Anseyan yo dakò: kreyòl la esansyèl

“Sa m te pi renmen: paske se **kreyòl ki te lang sipò a** te fè bagay la pi klè toujou”.

“Aktivite pratik debaz StarBiochem pou fouye zouti a. Paske gen anpil bagay mwen te konn ap gade nan liv san mwen pa t konprann kòman yo reyalize yo, **kounye a mwen ka esplike estrikti yo**”.

“Mwen vle ke yon bon aktivite konsa rive **touche plis moun toujou** nan sistèm edikatif la”

“Atelye [yo] ede m pou m prepare yon bon plan chak leson [...] ede elèv yo **vizyalize** konsèp yo, **entèprete** yo anplis **aplike** metòd aprantisaj aktif la. Atelye [yo] ap ede m **mye prepare** kesyon sou konsèp yo pou elèv yo [...] nan **entèraksyon kesyon-repons**. Epi **ranfose** yo aprè chak repons kèlkeswa nati li.



# Fidbak anseyan yo

“[Lè m 'anseye an kreyòl] ***timoun yo mande plis kesyon***. Pafwa ou menm santi yo pale twòp. Lè kon sa, ou retounen nan franse pou gen mwens entèraksyon nan klas la.”

“ ... si nou ka sèvi ak ***zouti kon sa an kreyòl nan tout lòt matyè yo*** , lè sa a n ap ka ***ogmante nivo konpreyansyon elèv nou yo ...***”

“***Li t ap pi bon si nou te kòmanse ak aprantisaj aktif, itilizasyon zouti nimerik ak lang kreyòl la nan ti klas piti yo***. Zouti nimerik yo t ap pèmèt nou sèvi ak laboratwa vityèl nan plis pase 99% lekòl ki jis jounen jodi a pa gen laboratwa ...”

“... fòk Leta ta egzije lang kreyol la kom lang edikasyon peyi a apre li fin pran dispozisyon pou zouti yo pare, fome mèt yo epi gaye odinatè nan tout kwen peyi a. San sa ap gen anpil retisans kay paran, timoun yo ak pwofesè yo.” **(Ateyle MIT-Ayiti, janvye & out 2013, kesyonè apre atelye yo)**



# Lòt fidbak—sou zouti yo

*“ ... [zouti] yo ka ede nou fè tranzisyon pou n soti nan imajinasyon pou n ale nan aspè vizyèl konsèp yo. ... Malerezman, tout bagay fèt ak lakrè ak tablo. Kòm pwofesè jeyometri optik, mwen wè lojisyèl yo ka sèvi kòm yon vrè laboratwa pou anseye kou sa a .”*

**(Pwòf. Richard Delva,**

***Faculté des Sciences, Université d’État d’Haïti***)

*“ ... [zouti yo] pemèt etidyan nou yo plis patisipe nan lang pa yo ki se kreyòl e yo pemèt nou fè travay pratik san nou pa gen laboratwa avèk sèlman yon laptop epi yon videopwojektè. . . . yo rive konprann pi byen. **Rezilta yo amelyore net apre egzamen ke yo te fè. Nou rive konprann ke se yon zouti ki ta dwe itilize nan tout peyi a avèk apywi leta pou mennen bon jan edikasyon modèn nan kote ki pi lwen peyi a.**”*

**(Pwofesè Maxo Erick Val & Jean-Adony César,  
*Université Publique du Centre*)**





# Etidyan yo dakò tou: kreyòl la esansyèl

“Avan kou pratik la, m pa t vreman konprann bagay yo. Men ***apre kou pratik la ... sa vrèman fè m plezi mwen wè mwen konprann kou a kon sa***”.

“***Mwen renmen fason kou a fèt an kreyòl ...*** pandan elèv yo [ap] manipile òdinatè a”.

“ ***Li pi bon si nou aprann an kreyòl ... Kreyòl la mande pou nou ba li plis ankadreman ...***”

“Lè yo anseye an kreyòl, li gen ***dezavantaj*** an menm tan li gen ***avantaj*** ... Sa ka koze ***pwoblèm nan fòmil*** yo paske ... jan mo a ekri an franse se pa kon sa li ekri an kreyòl ... Avantaj la ... li pi eksplisit epi pi konpreyansif, ***li pèmèt moun yo wè pi klè***. Epi ankò li pèmèt nou ***bay lang lan valè***”.



## ***“Gen anpil baryè ki pa ko tonbe ...”***

***“Nan prèske tout peyi a edikasyon fèt nan lang franse ... Li difisil pou fè yon moun chanje lang l ap aprann pandan ke li pran fòmasyon de baz li nan yon lòt lang pandan plis ke 14 lane...”***

***“Li t ap pi bon si nou ta ensiste sou metod aktif la, itilizasyon [lojisyèl yo] ak lang kreyol la depi nan ti klas piti yo. Men, sa ap mande ke nou devlope lot lojisyèl ansèyman ak lòt liv an kreyol, ... pou tout lot matyè yo... ***Li enpòtan tou ke nou entwodwi enfòmatis bonè nan lekòl yo tou.***”***

**(Pwofesè Maxo Erick Val & Jean-Adony César,  
*Université Publique du Centre*)**



# Defi: “Ankadre” kreyòl la

1. Kouman nou dwe kreye **nouvo** abitud aprantisaj aktif pou *pi fò etidyan* ka rive fè etid apwofondi nan lekti, ekriti, syans, matematik, lengwistik, filozofi, eks.?
2. Kouman nou dwe kreye **nouvo** leksik pou syans, matematik, eks., an kreyòl ansanm ak nouvo tradisyon ekriti an kreyòl?
3. E pou sa fèt byen, *nou bezwen patisipasyon tout aktè yo nan yon kanpay laj-laj pou pwodiksyon dokiman ALEKRI an kreyòl nan tout domenn nan tout sikonstans—nan lekòl, inivèsite, leta, tribinal, laprès, literati, relijyon, eks.* Sa se yon kondisyon endispansab. E pou sa fèt, *an nou sèvi ak bonjan sipò nan men Ministè Edikasyon Nasyonal (MENFP), direktè lekòl ak inivèsite yo, biwo leta, tribinal, Akademi Kreyòl, ONG, paran, eksetera.*

# Pwopozisyon pou direktè lise yo

1. Fè envantè pwofesè syans ka matematik nan tout lise yo epi pataje enfòmasyon sa a ak Biwo MENFP/MIT-Ayiti
2. Enstale laboratwa enfòmatis nan tout lekòl ak lise epi voye anseyan nan pwogram fòmasyon kontini ak Inisyativ MIT-Ayiti ansanm ak lòt fòmasyon sou teknoloji, syans, matematik, eks.
3. Pwomouvwa 3 zouti sa yo (kreyòl + teknoloji + pedagoji patisipativ) kòm 3 wòch pou kore yon nouvo sistèm anseyman pou tout timoun ka jwenn
4. Sansibilize timoun, paran, sektè piblik, sosyete sivil, eks., sou 3 bèl zouti (3 bèl wòch) sa yo
5. Kolabore ak Biwo MENFP/MIT-AYITI a ansanm ak Akademi Kreyòl la pou pwodwi depliyon, emisyon radyo ak videyo, eks., an kreyòl nèt—pou esplike popilasyon an kouman syans ak matematik ka anseye pi fasil an kreyòl
6. Rete an kontak ak Biwo MENFP/MIT-Ayiti a pou nou kontinye bèl konbit sa a pou jefò a bay rezilta ki dirab
7. Jwèt pou nou, direktè lise yo: Pataje pwopozisyon pa nou ... an nou brase-lide!



## An nou pa bliye pledwaye sa a:

<https://www.youtube.com/watch?v=tWGW1gsGXg4>



P.M. Lamothe: “Kont teni de reyalite peyi a, kont teni di fèt ke ... 100% pale kreyòl. Gen environ 3% ki pale franse. Kounye a la a li vin pi "challenging" lè ... w ap anseye an fransè pandan ke timoun lan se kreyòl ke l pale. Donk fòk nou fè yon pledwaye, fòk nou gade sa a pou wè ki jan nou kapab ajiste, pou n kapab modènize sistèm edikasyon nou an. Men, malerezman, se pa yon bagay ke n ap ka fè "du jour au lendemain". Mwen-menm mwen panse fòk nou fè pledwaye a. ... se nasyon ki pou fè l, se otorite peyi a ki pou fè l ansanm ... Men ki pwoblematik la: Èske nou ka aprann timoun yo an kreyòl ansuit y aprann fransè oubyen y aprann anglè. E kouman l pral fèt? Donk, pledwaye sa a, se yon pledwaye nou kòmanse fè pou ke edikasyon nou an ka fèt nan lang kote timoun yo ka konprann, yo alèz.” (19 avril 2013)

# Akademi Kreyòl Ayisyen

Ki pwoblèm? Ki avantaj? Ki defi? Ki avni?



**Akademi Kreyòl Ayisyen**  
Ki pwoblèm? Ki avantaj? Ki defi? Ki avni?



Ak Kòlòk Entènasyonal sou  
Akademi Kreyòl Ayisyen an  
26 - 29 oktòb 2011

sou direksyon  
Renauld Govain

Éditions de l'Université d'État d'Haïti

